

Smile Train Bouch Ak Lèv Fann Rekòmandasyon Pou Bay Manje

- 1** **Sèten timoun fèt ak bouch yo fann** - swa ak yon twou oswa fant nan lèv yo oswa yon twou nan pati anwo bouch yo (ki gendwa pa vizib deyò).



- 2** **Operasyon an enpòtan anpil** paske san li yon timoun gendwa pa ka pale byen, li ka gen plis ris pou fè enfeksyon, epi li ka gen pwoblèm pou manje ak bwè lèt.



- 3** **Yon chirijyen Smile Train ka repara pwoblèm sa a gratis** nan yon lopital ki asosye avek Smile Train. Operasyon sa a se sèl jan pou repara pwoblèm sa a nèt.



- 4** **Li enpòtan pou yon timoun manje byen pou yo ka opere li.**



- 5** **MEN - pafwa li difisil pou bebe bouch fann yo manje** paske lèt la ka soti nan nen yo oswa menm ale nan poumon yo. Oswa bebe yo ka vale van, epi vant yo ka parèt plen epi yo dòmi, menm si yo pa te jwenn ase manje.




- 6** **Se pou manman yo pou eseye diferan estrateji pou bay pitit la manje** pou wè kisa ki pi bon pou li menm ak bebe a. Li pi bon pou bay pitit la lèt dirèkteman nan tete a, si li posib. Men kèk estrateji:



Fè pitit la chita dwat lè w ap ba li manje.



Metè pwent tete a kote ki pa fann nan bouch la.



Peze tete a tou piti pou plis lèt ka soti.



Bay pitit la manje epi fè li rann gaz pi souvan pase jan ou abitye fè a.

- 7** **Si li pa posib pou bay pitit la lèt dirèkteman nan tete a**, li enpòtan pou manman an kontinye itilize lòt mwayen pou bay pitit la manje. Men kèk estrateji:



Manman an ka pije lèt tete a pou bay pitit la manje ak yon kiyè oswa bibon.



Manman an ka ouvri bouch tetin bibon an tou PITI pou plis lèt ka pase.

- 8** **Si manman an pa gen lèt menm**, li ka itilize lèt bèf oubyen lèt an poud. Pa bliye bouyi lèt bèf la oswa dlo pou mete nan poud la epi kite li frèt.



- 9** **Pa bliye bouyi nenpòt bagay w ap itilize** pou bay pitit la manje yo nan dlo pandan pou pi piti 10 minit pou yo ka pwòp e pou yo pa gen mikwòb. Kiyè ak bibon ki pa pwòp bay lafyèv oswa enfeksyon.



- 10** **Tanpri pa bliye mennen pitit ou a nan klinik Smile Train ki pi pre a.** Yon doktè nan klinik la ap egzaminen pitit la epi l ap di w kilè pou w vini lopital la pou operasyon an.

Pa bliye, tout tretman nan klinik Smile Train nan gratis ti cheri.

